

# Ou bezwen konesans pou jwenn djòb?

## Aplike nan Pwogram Opotinite Fòmasyon (TOP)



Pwogram Opotinite Fòmasyon (an bref TOP) pèmèt ou jwenn benefis chomaj pandan ou ap patisipe nan kou fòmasyon foul tòm pou konesans yon nouvo djòb.

Si ou kalifye, ou ka:

- Resevwa benefis chomaj, san ke ou pa bezwen chèchè travay, è
- Alonje benefis chomaj ou yo pou jiska 26 semèn.

### Ki moun ki ka nan TOP?

Ou ka kalifye si:

- Ou pap travay ankò pou ansyen patwon ou an
- Ou enskri yon reklamasyon è ou kalifye pou benefis chomaj
- Lap difisil pou jwenn yon nouvo djòb, sòfsi ou jwenn nouvo konesans
- Ou gen konesans pou ranpli ak benefisyè de fòmasyon ki apwouve
- Pwogram fòmasyon ou fouldòm ak apwouve pa TOP Unit lan

### Èske gen yon delè pou aplike?

Fòk ou aplike pandan premye 20 semèn ke ou resevwa benefis chomaj yo.

**Konsèy:** Aplike pou TOP deske ou konnen ke ou kalifye pou benefis chomaj **AK** gen yon kou fòmasyon.

### Ki kalite fòmasyon mwen ka chwazi?

Chwazi yon pwogram fòmasyon ke pral ba ou konesans travay ki an demann.

Ou ka chwazi fòmasyon pou djòb ki an demann kote ou ap viv kounyea, oubyen nan yon lòt kote ou ta renmen fè trajè a oswa ale viv la.

Laprann plis sou mache travay lan epi ki djòb ki an demann nan: [www.mass.gov/lmi](http://www.mass.gov/lmi).

### Èske kou fòmasyon an gratis?

Non. Fòk ou peye pou kou fòmasyon an oswa jwenn bous oswa sibvansyon ki ka ede ou peye pou li.

Men kèk resous èd finansye:

- **Massachusetts One-Stop Career Center:** Ale nan sant lokal ou an. Mande yon espesyalis djòb ede ou pou jwenn sibvansyon oswa pret.
- **Federal Financial Aid:** Pou konnen si ou kalifye pou èd finansye, enkli ak sibvansyon Pell pou jiska \$5350, ak lòt sibvansyon ak pret, ranpli yon **Aplikasyon Gratis pou Èd Finansye Federal Elèv (FAFSA)**.
- Si ou gentan gen yon diplòm kolèj 4 an, ou pap kalifye pou yon sibvansyon Pell mè ou ka kalifye pou lòt kalite èd.
- Ale nan [www.opportunity.gov](http://www.opportunity.gov) pou enfòmasyon regadan èd finansye, ak zouti pou ede ou eksplòre metye ak opsyon.

### Kijan map fè konnen si pwogram mwen apwouve?

Ou ka konnen ki kou fòmasyon ki apwouve pa DUA pa fason swivan yo:

- Rele TOP Unit lan nan 617-626-5521, oubyen
- Ale nan nenpòt ki Massachusetts One-Stop Career Center, oubyen
- Fè rechèch nan [www.mass.gov/jobquest](http://www.mass.gov/jobquest)

Pwogram ou chwazi an fèt pou yon pwogram entansif, foul tòm vokasyonèl, teknik oswa fòmasyon konesans de baz ke ou ka fini nan 2 zan. Epitou pwogram lan fèt pou:

- Ba ou opotinite plasman travay pou yon metye spesifik avan kou fòmasyon an fini,
- Pwouve li gen siksè nan plase elèv similè, epi
- Bay prèv ke fòmasyon an pral ede ou jwenn yon nouvo djòb.

| Kalite Pwogram                     | Kondisyon Minimòm  |
|------------------------------------|--|
| Fòmasyon Vokasyon/Endistri         | 20 è tan oswa plis kou sipèvize pa semèn<br>Gade: <a href="http://www.mass.gov/dpl">www.mass.gov/dpl</a>   |
| Fòmasyon baze sou Lekòl oswa Kolèj | 12 kredi pa trimès lekòl oswa kolèj ki lisansye pa Depatman Edikasyon Eta lan<br>Gade: <a href="http://www.mass.edu">www.mass.edu</a>  |
| Fòmasyon A Distans                 | 12 kredi pa trimès, oswa 20 è tan pa semèn – <b>Paka a rit pa ou; oblije swiv kirikilòm ki etabli an</b>   |
| Staj oswa Staj Edikasyonèl         | 20 è tan oswa plis pa semèn, si li fè pati yon kirikilòm etabli  |
|                                    | Rele TOP Unit pou wouè si pwogram ou kalifye si li: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pati devwa, pati staj oswa kirikilòm, oswa</li> <li>• Pwogram dipòme oswa lisansye</li> </ul> |

## E si mwen bezwen konesans de baz avan sa?

Ou ka bezwen konesans de baz avan ou komanse yon pwogram fòmasyon. Pa egzanmp, petèt ou ap bezwen:

- Amelyore konesans li, ekri, oswa matematik ou,
- Aprann Angle, si se pa lang natif natal ou, oubyen
- Prepare pou egzamen ekivalans klas segondè si ou pat gradye klas segondè ou.

Si ou bezwen okenn nan konesans de baz sa yo, plan vokasyonèl ou pral enkli kou nan yon oswa plizye nan bagay sa yo:

- Angle kòm yon lang segondè,
- Edikasyon de Baz Adilt (ABE), oubyen
- Diplòm Ekivalan Jeneral (GED)

TOP pèmèt moun kap rekalmè ki bezwen konesans de baz 3 zan pou fini pwogram yo. Sa ap ba ou plis tan pou pran kou konesans de baz ou bezwen yo ansanm ak fòmasyon vokasyonèl oswa teknik.

**Enpòtan!** Peyòd kalifikasyon pou benefis pap chanje.

## Kijan pou mwen aplike?

Pou aplike pou TOP epi pou alonje peyòd Benefis Chomaj ou an, swiv demach sa yo:

1. Jwenn yon pwogram fòmasyon apwouve ki pral prepare ou pou mache travay lan. Meye fason pou fè sa se:
  - Ale nan nenpòt ki Massachusetts One-Stop Career Center, oubyen
  - Fè rechèch nan: [www.mass.gov/jobquest](http://www.mass.gov/jobquest)
2. Rele TOP unit lan pou jwenn yon aplikasyon: 617-626-5521
3. Ranpli pati pa ou nan aplikasyon an. Mande pwogram fòmasyon ou an pou ranpli pati pa yo an.
4. Voye aplikasyon ou an bay depatman DUA TOP lan omwen **3 semèn avan** pwogram ou an komanse.

Si ou pa tande anyen de TOP nan peyòd 3-4 semèn aprè ou aplike, rele: **617-626-5521**.

## Bezwen èd nan chwazi yon pwogram fòmasyon?

Ale nan yon One-Stop Career Center kote anplwaye yo ka ede ou jwenn fòmasyon ki pi bon pou ou.

Epitou anplwaye Career Center ka:

- Evalye konesans travay ou,
- Ba ou yon lis pwogram fòmasyon apwouve.
- Di ou si ou ka fini fòmasyon an avan benefis chomaj ou yo fini,
- Eksplike ou opsyon ou genyen pou peye pou fòmasyon an, epi
- Èd ou ranpli aplikasyon TOP lan.

## Èske mwen ka pèdi benefis TOP yo pandan fòmasyon an?

Wi. Ou ka pèdi benefis ou yo, si ou:

- Sispann reklame chak semèn pou benefis chomaj ou,
- Pa ranpli kondisyon pwogram fòmasyon yo,
- Sispann pwogram fòmasyon an avan ou fini li, oswa
- Pran plis ke yon pwogram fòmasyon ala fwa (sòfsi lòt pwogram lan se pou Konesans de Baz).

Si ou ap resevwa benefis ekstansyon TOP lè fòmasyon ou fini benefis TOP ou pral fini pandan denye semèn pwogram fòmasyon lan.

**Enpòtan!** Si ou gen pwoblèm ak pwogram fòmasyon ou an, rele TOP touswit. Rele: **617-626-5521**.

## Si pwogram fòmasyon travay mwen gen brèk vakans èske benefis TOP mwen pral sispann?

Non, si:

- Vakans lan dire **mwens ke 3 semèn**, è
- Ou retounen nan pwogram fòmasyon an touswit aprè brèk lan.

Si vakans lan dire **plis ke 3 semèn**, è ou kontinye ap chèche travay jan li egzije an, ou ka resevwa benefis regilye yo men benefis ekstansyon chomaj yo.

